



Pou Piblikasyon Imedya: 02/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL SOU ADOPSYON YON PAKE  
LEJISLATIF KONPLÈ POU RANFÒSE LWA SOU ZAM NEW YORK YO AK KENBE  
NOUYÒKÈ YO AN SEKIRITE**

"Yè swa, yon zam semi-otomatik mòtèl te itilize yon lòt fwa ankò pou touye san pitye sivil inosan, fwa sa se te nan yon sant medikal nan Oklahoma. Se te yon sèn nou trè abitye ak li nan peyi sa, youn ke nou te wè tout kote soti Uvalde, pase Sandy Hook, Pakland rive nan vil natal mwen Buffalo. Nou pa kapab kontinye viv konsa.

Nou pa kapab satisfè ak lwa New York sou zam ki deja difisil yo. Fiziyad sou fiziyad rann sa klè ke yo dwe pi solid pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite. Pak konplè sa a pral fèmen twou vid yo, bay lapolis zouti li bezwen pou anpeche aksè fasil nan zam epi sispann lavant danjere zam bay jèn ki gen 18 ane yo. Mwen rekonesan anvè Lidè Majorite Stewart-Cousins, Prezidan Asanble Heastie ak patnè nou yo nan lejislati a epi mwen pa ka tann pou m siyen pwojè lwa sa yo.

Menm lè n ap pran mezi pou pwoteje Nouyòkè yo, nou rekonèt ke se yon pwoblèm nasyonal. Yon lòt fwa ankò, mwen ankouraje Kongrè a pou pwofite moman sa epi adopte gwo mezi prevansyon sou vyolans ak zam. Nou pa gen tan pou nou pèdi".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418